# ҚАРАҚАЛПАҚ НАҚЫЛ-МАҚАЛЛАРЫНДА ЎАҚЫТ ҲӘМ КЕҢИСЛИК МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Г.И.Зинатдинова** – *таяныш докторант*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** хронотоп, замон ва макон, лирик хронотоп, этник нуқтаи назар, дунёқараш ва хронотоп.
**Ключевые слова:** хронотоп, время и пространство, лирический хронотоп, этническая точка зрения, мировоззрения и хронотоп.
**Key words:** chronotope, space and time, lyric chronotope, ethnic point of view, worldview and chronotope.

Ўақыт ҳәм кеңислик инсан пикирлеўиндеги әҳмийетли түсиниклер болып, социаллық-мәдений, мифологиялық, диний, философиялық системалардың қәлиплесиў басқышларын өзинде сәўлелендиреди. Инсанның өзи жасап атырған ўақыт-орынға қатнасы – сананың, пикирлеўдиң раўажланыўындағы узақ дәўирлик өзгерислердиң нәтийжеси. Олар өз гезегинде халықтың дүньятанымында, әдебий пикирлеўинде, халық аўызеки дөретпелеринде сәўлелениўин табады. Көркем ўақыт ҳәм кеңисликтиң бирлиги илимде хронотоп (М.Бахтин) деп аталады. Ҳәрбир әдебий түр өз хронотоплық өзгешеликлерине ийе болып, оның дәреклерин үйрениўди фольклорлық шығармалардан баслаў мақсетке муўапық.

Лирикадағы хронотоптың раўажланыўы ҳәм қәлиплесиўинде фольклорлық шығармалардың тутқан орны мәселеси орыс әдебияттаныўында Н.Рябцева [1], И.М.Жукова, Н.К.Нежданова [2], И.Павловская [3], И.Кондрашина [4] сыяқлы илимпазлар тәрепинен үйренилген. Өзбек әдебияттаныўында Қ.Йўлчиев өз изертлеўлеринде лирикалық хронотоптың тарийхый тамырлары ески түркий жазба естеликлер, халық аўызеки дөретпелеринен басланыўын атап көрсетеди [5]. Сол қатары биз де қарақалпақ лирикасының сағалары есапланған халық нақыл-мақалларындағы ўақыт ҳәм кеңислик мәселелерин усы көзқарастан үйрениўге ҳәрекет еттик.

Нақыл-мақалларда халықтың турмыслық тәжирийбеси, даналық ақыл-нәсияты менен бирге өзи жасап атырған дәўирге, мәканға деген көзқарасы, дүньятанымы сәўлеленеди ҳәм бул нәрсе оның ўақыт ҳәм кеңисликке қатнасында айқын көринеди. Бул мәселе бойынша илимпаз С.Ю.Панкованың: «… этникалық қатламлардың ўақыт ҳәм кеңислик категорияларына қатнасы, ең алды менен, олардың жасап атырған географиялық шараятларына, психологиялық дүньясына байланыслы» деген пикири дыққатқа ылайық [6].

Сондай-ақ, қумық нақыл-мақалларындағы ўақыт ҳәм кеңислик категорияларын изертлеўшилер Ж.Сулаева, С.Адиловалар мынадай пикирлерин билдирген: «Қумық тилиндеги нақыл-мақаллардағы кеңислик инсан өмириниң конкрет ҳәм объектив қабыл етилетуғын объектлери, тәбийий орталықтағы орын-жайлар менен аңлатылады. Олардағы кеңислик орынлары инсан искерлигин көрсетиўи менен белгиленеди ҳәм түсиндириледи. Екинши тәрептен, бақлаўшының өзи де сол кеңислик ишинен орын алады» [7].

Қарақалпақ нақыл-мақалларында кеңислик мәниси : *«таў»:* (Таўды, тасты сел бузады; Таўына қарай қуланы, Жерине қарай жыланы, Көлине қарай сазаны [8]); *«дәрья», «көл»:* (Дәрья қанша тасса да теңиз толмас; Дәрья бәҳәрде тасар; Дәрья суўы тынық болмас; Көл болмай, балық аўлап болмас; Балығы болмаса көл емес [8]); *«жол»:* (Жолға шықсаң жолдасыңды таўып шық; Жолдан шықсаң да, журттан шықпа); *«аўыл», «өрис», «жайлаў»:* (Өриси жақын от отлайды, аўылы жақын ас ишеди; Жайлаўы отлы болса, малы сүтли болады [8]) сыяқлы сөзлер менен билдириледи.

Келтирилген нақыл-мақалларда кеңислик турақсыз ҳәм өзгермели. Бул халықтың жасаў шараяты, турмыс тиришилиги, күн көриси, дүньяға көзқарасы менен тығыз байланыслы. Белгили илимпазлар Л.Н.Гумилёвтың «Этногенез и биосфера Земли» (1990), Т.Х.Ғабитовтың «Қазақ мәдениетінің типологиясы» (1998), М.С.Орынбековтың «Ежелгі қазақтардың дүниетанымы» (1996), С.Сапарғалиеваның «Қазақ әлемінің дүниетанымдық түсінік ерекшеліктері» сыяқлы мийнетлерде көшпели түркий халықлардың интеллектуаллық дүньятаныўы, әлемди қабыллаўы олардың ўақыт-кеңисликке қатнасында айқын көринетуғынлығы ҳәм бул отырықшы халықлардан өзгешеликлерге ийе екенлиги айтылған. Көшпели халықларда кеңислик горизонтал жайылған шексиз категория болып, бул олардың жер жүзи деп аталған үлкен кеңислик бойлап тез-тезден өз орынларын, қонысларын өзгертиўи, бир орыннан екинши орынға көшип жүриўи менен байланыслы пайда болған. Бирақ, көшпелилер өзлерин әлемнен бөлип алып қарамайды, олар өзлериниң әлемниң, кеңисликтиң қурамында екенлигин терең аңлайды, себеби, кеңисликти сырттан турып баҳалап болмайды, оны ишинен ғана аңлаўға болады.

Қарақалпақ нақыл-мақалларындағы ең көп қолланылатуғын кеңислик – бул жер. Мысалы: Әкең мурап болғанша, жериң ой болсын; Жер – несиптиң киндиги; Байлықтың анасы – жер; Жердиң көрки – дақыл; Жүйесин таўып жумыс ет, жерин таўып туқым ек; Жерине қарай жыланы, таўына қарай қуланы; Тырна – көкте, туўалақ – жерде; Жер – ғәзийне, суў – алтын; Егиўге тары берип, егиўге жары болды; Жерли адам аш болмас; Жер тоймай, ел тоймас ҳәм т.б. [8]. Түркий халықлар ушын жер кеңислиги, ең алды менен, қоныс басқан орын есапланады. Ол этникалық қатламлар санасында муқаддес түсиник сыпатында қәлиплескен болып, топыраққа, жерге сыйыныўдың айырым көринислери елеге шекем сақланып қалған. Жер кеңислигине қатнас ондағы тиришилик етиў формасына байланыслы – ол дийханшылық ушын егислик орын болса, шарўашылық ететуғынлар ушын жайлаў есапланады. Сондай-ақ, руў-қәўимлердиң территориялық шегарасы, яғный ҳәкимшилик басқарыўының негизи де жер есапланады.

Нақыл-мақалларда ўақытлық мәни: *«күн», «түн», «ай»:* (Суў гезегинен қалған, он еки ай аш қалар, дигирман гезегинен қалған, бир күн аш қалар; Күн өтер, ай өтер, ҳәр ким ҳәр жаққа кетер; Ерте шықсаң алдыңнан күн шығар, кеш шықсаң, түн шығар); *«жыл»:* (Бир түп шеңгелди мың жыл қоралаcаң да бағ болмас; Ат айында қулынлайды, бийе жылында қулынлайды); *«бурын-кейин», «ерте-кеш», «азан, кеш, түс, түстен кейин»*: (Бурын ексең, бурын орасаң; Ақсақ қой түстен кейин маңырайды); «бүгин, ертең»: (Бүгинги сөз – ертеңги гәптиң дастығы; Бүгинги исти ертеңге қойма) *мәўсимлер – қыс, бәҳәр-көклем, гүз, қыс*: (Қаўын жесең сәҳәр же, Сәҳәр жемесең, бәҳәр же; Биймезгил жаўған қар жерге түспей ерийди, ерте көмсең ураны жаздан өтсе ширийди; Көклемде қазақы менен жарыспа, гүздиң күни шопан менен алыспа; Жазда төбеси қайнамағанның, қыста қазаны қайнамас [8]) сыяқлы сөзлер арқалы аңлатылады. Бундай нақыл-мақалларда ўақыт категориясы шексиз ҳәм циклли (турақлы даўам етиўши жыл мәўсимлери) болып, инсан өмириниң барлық тәреплерин, оның тиришилик формасын, искерлигин, тәбиятқа қатнасын өзине қамтып алады.

«Ўақыт», «заман», «дүнья» сөзлери болса ўақыттың қайталанбайтуғын, туўры сызық бойлап ҳәрекет етиўши категория екенлигин аңлатыўшы нақыл-мақалларда қолланылады. Мысалы: «Ўақтың кетти, бахтың кетти; дүнья – шалқар көл, заман – ескен жел; Ўақыт күтип турмас; Ҳәр заманға бир заман» сыяқлы нақыл-мақалларда инсан өмириниң қысқа, ал адамлар ўақытты өзине бойсындыра алмайтуғынлығы ҳаққындағы түсиниклер келтирилген.

Нақыл-мақалларда ўақыт ҳәм кеңисликти өлшеў бирликлери де халықтың турмыс-тиришилиги менен байланысып кеткен. Сонлықтан, халық санасында ўақыт, кеңислик арнаўлы өлшем бирликлери (саат, минут, метр сыяқлы) емес, ал ат шаптырым жер (отыз шақырымдай аралық), бийе байлар ўақыт ( азаңғы тоғызлар шамасы), бир шәйнек шай ишер ўақыт (шама менен 30-40 минутлар), қаўын писик, терим ўақты (гүз айлары), егис ўақты (бәҳәр), қыслаў, жайлаў/жазлаў (маллардың қыс ҳәм жаз айларында отлайтуғын орны) ҳ.т.б. түсиниклер өлшем сыпатында қәлиплескен.

Сондай-ақ, нақыл-мақалларда ўақыт категориясы сол моментте жүз берген ис-ҳәрекет, ўақыя-ҳәдийсе менен өлшенеди. «Қойшы қызы қой келгенде уршық ийирер»; «Белдеўге бедеў байланса, ердиң үйде болғаны»; «Бир миниўге ат берме» сыяқлы нақыл-мақалларда қойдың жайлаўдан келиў ўақты, бедеўдиң белдеўге байланған ўақты, атқа бир мәрте миниў ўақты сол ўақытта жүз берген ўақыя-ҳәдийсе, ис-ҳәрекет пенен аңлатылған.

Қазақ халқының дүньятаныўындағы ўақыт ҳәм кеңисликтиң берилиў өзгешеликлерин изертлеўши С.Сапарғалиева мынадай пикир билдиреди: «Көшпели адам өзин қоршаған орталықты әлем кеңислиги менен биргеликте қарастырып, оны өзиниң ўақыт заңлылықларына бағындыра алды. Демек, пүткил өмирин тәбият қушағында өткерген көшпелилер ушын даладағы негизге мәкан – Көк пенен Жер арасындағы кеңислик. Сонлықтан, әййемги ата-бабаларымыз өзлерин қоршаған кеңисликке қатнаслы ўақыт түсинигин цикллик, яғный күн менен түн, қыс пенен жаз, өмир менен өлим арасындағы байланысларды тәртипке салатуғын өлшем ретинде қабыллаған. Сондай-ақ, көшпели қазақ ўақыт пенен кеңисликти бир-биринен ажыратпай, тутас аңлаўды дәстүр еткен. Яғный, ўақытқа қатнаслы қубылысларды кеңислик арқалы, кеңисликке қатнаслы қубылысларды ўақыт арқалы айырып алыў тәжирийбеси көшпелилер дүньятанымында айқын байқалады» [9].

Келтирилген пикир қарақалпақ халқы дүньятанымы ушын да характерли болып, мәселен, «Жолдан шықсаң да, журттан шықпа», «Жолға шықсаң, жолдасыңды таўып шық» сыяқлы нақыл-мақалларда жол хронотопы ҳәм кеңислик (басып өтиў керек болған аралық), ҳәм ўақыт (мүддетли сапарға шығыў ўақты) мәнилерин өзинде жәмлеп, инсан өмирине байланыслы ҳәр қыйлы мәселелерди – елге садықлық, аўызбиршилик, дослық ҳәм дос таңлаў ҳәм т.б. сөз еткен.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ халқының ўақыт ҳәм кеңисликке қатнасы халық аўызеки дөретпелери, соның ишинде паремиялық жанрдың бир түри болған нақыл-мақалларда өз сәўлелениўин тапқан. Нақыл-мақалларда кеңислик өзгермели ҳәм шексиз, ўақыт болса циклли ҳәм қайталанбайтуғын категория сыпатында берилген болып, олар бир-бири менен тығыз байланыслы. Бунда:

- биринширден, ўақытлық-орынлық мәнидеги сөзлер (жер, жыл, таў, бүгин, ертең, жыл мәўсимлери, жайлаў, өрис, дәрья, көл ҳәм т.б.) үлкен хызмет атқарады;
- екиншиден, халық турмысына байланыслы ўақыя, ҳәдийсе, ис-ҳәрекет арқалы ўақыт ҳәм кеңислик анықланады. Бул өз гезегинде халықтың тиришилик етиў түри, жасаў шараяты, дүньяға, әлемге, тәбиятқа ҳәм өмирге деген көзқарасларының нәтийжеси болып есапланады.

## Әдебиятлар


1. Рябцева Н.Е. Образы пространства и времени в поэзии Инны Лиснянской: Дис. …канд. филол. наук. –Волгоград: 2005. [Электронный ресурс]. – http: // www. dslib.net
2. Жукова И.М., Нежданова Н.К. Образы пространство и времени в русской поэзии XIX-XX веков. Монография. –Курган: 2012. [Электронный ресурс]. – http: // www. dslib.net
3. Павловская И.Г. Образы пространства и времени в поэзии Арсена Тарковского. Дис. …канд. филол. наук. –Волгоград: 2007. [Электронный ресурс]. – http: // www. dslib.net
4. Кондрашина И.Б. Образы пространства и времени в поэзии Гиппиус З.Н. Дис. …канд. филол. наук. –Волгоград: 2008. [Электронный ресурс]. – http: // www.new-disser.ru
5. Yulchiyev Q. The development of lyric chronotop in Uzbek poetry // Scientific journal of the Fergana State University, №2/2019. -P. 77-81; Бадиий тафаккур тарихида макон ва замон масаласининг тадрижий такомили. // Ilm sarchashmalari. – Жиззах: 2019, № 6, 63-68-б; Ўша муаллиф. Лирик топохронос. Монография. -Тошкент: «Fan ziyosi». 2021. 224-б; Ўша муаллиф. The problems of space and time in literature. // EPRA International Journal of Multidisciplinary Research (IJMR) - Peer Reviewed Journal Volume: 6 | Issue: 2 | February 2020 \ Indiya, Journal DOI: 10.36713 /epra 2013 \\ Web of Sciens: 1.01, SJIF Impact Factor: 5.614 \\ | ISI Value: 1.188. – P.17-20; Ўша муаллиф. Мумтоз жанрда макон ва вақт категорияси. // Научный вестник НамГУ. – Наманган: 2021, № 6. 224-229-б.
6. Панкова С.Ю. Пространство и время в этнической картине мира. Монография. Южно-Сахалинск. Сахалинсикй государственный университет. 2012, -С. 236.
7. Сулаева Ж.А., Адилова С.Г. Пословицы и поговорки пространства и времени в кумыкском языке. // Научно-методический электронный журнал «Концепт». 2014, – С. 3841-3845. [Электронный ресурс]. http: // e-koncept.ru
8. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 88-100-томлар. -Нөкис: «Илим». 2015. 169-б.
9. Сапаргалиева С. Қазақ әлемінің дүниетанымдық түсиник ерекшеліктері. [Электронный ресурс]. // http://oldconf.neasmo.org.ua



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ халқ мақолларидаги хронотоп (замон ва макон) масаласи тадқиқ этилган. Мазкур муаммони ўрганишда халқнинг этник нуктаи назари, дунёқараши, оламни англаши, табиатга муносабати сингари омилларга эътибор қаратилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается проблема хронотопа (времени и пространства) в каракалпакских народных пословицах. В организации этой проблемы акцентируется внимание на таких факторах, как этническая точка зрения, мировоззрение, мировосприятие, отношение в природе.

**SUMMARY**

The article deals with the problem of chronotope (time and space) in the Karakalpak folk proverbs. In organizing this problem, attention is focused on such factors as ethnic point of view, worldview, attitude to nature.